



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON KI PÈMÈT MOUN TOUNEN OFISYE
MARYAJ POU YON JOU**

Lejislasyon (S.739A/A.6300A) kreye yon chemen pou moun ki pwofan yo tounen ofisye maryaj pou yon sèl jou k ap kapab selebre yon maryaj nan Eta New York

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te siyen lwa (S.739A/A.6300A), ki kreye yon nouvo chemen pou moun ki gen plis pase 18 an pou aplike pou 'deziyasyon pou yon sèl jou', ki otorize yo pou yo selebre yon sèl maryaj nan yon jou espesifik nan Eta New York.

"Ini moun nan maryaj se yon bél moman ki ta dwe pataje ak yon ofisye fiti mari oswa madanm yo chwazi", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè nou siyen lejislasyon sa a, n ap elimine nenpòt obstak pou vin yon ofisye yon fason pou zanmi ak manm fanmi yo ka pataje yon moman enpòtan konsa ak moun yo renmen yo epi rekonèt maryaj yo dapre lwa Eta New York".

Lejislasyon (S.739A/A.6300A) amande lwa relasyon domestik la pou pèmèt moun yo aplike pou pèmisyon pou yo deziyen kòm yon ofisye pou yo ka selebre maryaj yon koup patikilye. New York se yon premye destinasyon pou maryaj epi lejislasyon sa a se yon lòt rezon ankò pou koup yo selebre isit la.

Senatè Eta Alessandra Biaggi te deklare, "Koup yo nan New York pral kounye a gen opòtinite pou gen zanmi yo oswa fanmi yo ki marye yo—sa k ap pèmèt yo angaje pwòch yo plis nan jou espesyal yo a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou angajman li nan modènize lwa nou an, epi remèsye Manm Asanble Sandy Galef ak kòlèg mwen yo pou sipò yo nan lwa sa a".

Manm Asanble a Sandy Galef te deklare, "Nouyòkè yo ke yon zanmi oswa yon manm fanmi te marye pa bezwen enkyete yo ankò pou konnen si maryaj yo a valab legalman gras a adopsyon lejislasyon sa a. Mèsi Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo pou sipò nou nan lejislasyon sa a ki pral pèmèt zanmi, fanmi, ak pwòch yo pataje moman enpòtan sa yo san yo pa gen yon koneksyon relijye oswa afilyasyon politik".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418